



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 387 MILYON DOLA SOULAJMAN POU COVID-19 KI LIVRE BAY GOUVÈNMAN LOKAL YO

Lwa pou Plan Sekou Ameriken an ap sipòte 1,452 Gouvènman Lokal atravè Eta New York

Lè w enkli distribisyon ki menm jan an 2021 yo, pèman bay Gouvènman Lokal yo ap bay yon total 774 milyon dola

Yon pati nan [Efò preparasyon ankou](#) eta a pou abòde vag potansyèl sezon otòn sa epi pwoteje sante piblik la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gen 387 milyon dola ki te livre bay 1,452 gouvènman lokal atravè Eta New York pou ede ranfòse enfrastrikti repons pandemi yo. Anons lan fè pati [efò preparasyon ankou](#) Eta a pou atake tout vag potansyèl ki lye ak pandemi an sezon otòn ak ivè sa. Soutyen finansye sa rive posib gras ak Fon Rekiperasyon Fiskal Lokal pou Kowonaviris la (Coronavirus Local Fiscal Recovery Fund), yon pati nan Lwa sou Plan Sekou Ameriken an, ki bay soulajman pou gouvènman lokal ki pi piti a ki te pataje nan repons sante piblik la.

"Nou te an mezi pou avanse nan tout sekirite atravè pandemi sa akòz kowòdinasyon depre nou ak patnè nou yo nan tout nivo gouvènman lokal la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Senatè Schumer ak Gillibrand ak delegasyon Kongrè nou an pou èd yo pou sekirize finansman enpòtan sa, k ap ede vil, komin ak vilaj atravè Eta New York reponn ak bezwen ki lye ak pandemi an epi bay sèvis ki esansyèl yo. Pandan n ap reponn ak nouvo varyan yo epi planifye pou tout vag potansyèl sezon otòn sa, se yon lòt etap ankò n ap franchi pou ranfòse efò preparasyon nou epi n ap kontinye travay ak patnè lokal yo pou kenbe Nouyòkè a an sekirite."

Plan Sekou Ameriken an (American Rescue Plan Act, ARPA) te bay 350 milya dola pou gouvènman eta, lokal, tèritoryal ak tribal yo pou reponn ak ijans COVID-19 la, ki enkli 10.7 milya dola soulajman pou gouvènman lokal Eta New York yo.

Pandan pi gwo minisipalite yo te resevwa finansman yo dirèkteman nan Depatman Trezò Ameriken an (U.S. Treasury Department), Eta a responsab pou distribye alokasyon yo sou yon baz pa abitan pou inite gouvènman ki pa gen dwa yo (non-

entitled units of government, NEU yo) — vil, komin ak vilaj ki pa t resevwa yon pèman dirèk,

Nan mwa jiyè ak out 2021, 387.1 milyon dola te distribye bay plis pase 1,450 gouvènman lokal. Minisipalite yo te resevwa oswa yo ka prevwa yon montan ki menm jan nan yon dezyèm peman, k ap mete fen nan responsablite Eta a pou distribisyon.

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Aprè lit kont pandemi sa sou ban devan yo, konte, komin ak vilaj New York yo te pale byen fò epi klè: yo te bezwen èd ak finansman federal solid pou ranfòse sante piblik, kenbe travayè ki nan ban devan nan travay yo, anpeche diminisyon sèvis brital yo, epi fè investisman ki te dwe fèt depi lontan nan enfrastrikti yo pou relanse rekiperasyon yo. Antanke Lidè Majoritè, mwen te fyè pou fè finansman eta ak lokal la premye priyorite mwen nan Plan Sekou Ameriken an, epi kounye plis pase 380 milyon dola soulajman ki tèlman merite anplis ap kontinye koule pou gouvènman lokal yo pou kreye epi konsève djòb ki byen peye, fikse enfrastrikti dlo nou an, ranfòse wo debi a, respire nouvo lavi nan Ri Prensipal nou yo, epi ede kominote nou yo rekonstri pi solid ke anvan."

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Pandan n ap kontinye travay atravè pandemi ki ankou a, li pi enpòtan ke jamè ke nou kontinye bay soulajman pou gouvènman lokal la nan fason ki apwopriye. Finansman ki tèlman nesèsè sa te rive posib atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken an epi mwen fyè dèske mwen te jwe yon pati nan adopsyon pwojè lwa sa. 387 milyon dola a k ap dispèse bay gouvènman atravè New York yo ap fè yon wout ki long pou amelyore sante piblik ak plis toujou. Gouvènè Hochul kontinye yon patnè ekstrèòdinè epi mwen pa ka tann pou kontinye travay avèk li nan non tout Nouyòkè."

Reprezantan Carolyn Maloney te deklare, "COVID-19 te devaste fanmi ak kominote New York yo," Reprezantan Maloney te deklare. "Antanke Prezidan Komite Lachanm sou Sipèvizyon ak Refòm lan, mwen te responsab pou redije pòsyon nan Lwa sou Plan Sekou Ameriken an ki asire ke Vil, Eta, Tribi, ak Tèritwa yo chak jwenn pòsyon finansman ki jis yo ki enkli plizyè dizèn milya pou Eta ak Vil New York pou ede nou rekonstui pi byen. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li bay gouvènman lokal yo fon sa yo ki bezwen yo pi plis yo epi sipòte yon rekiperasyon ki ekitab pou kominote ki te frape pi fò yo."

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Nou te goumen pou mete finansman lokal ki nan Plan Sekou Ameriken an pou asire ke soulajman an rive jwenn vwazen nou yo kote moun yo bezwen li pi plis. Dènye pèman sa ap livre plis pase 24.4 milyon dola nan resous federal bay ti vil, komin ak vilaj ki pi piti yo nan Konte Erie ak Niagara."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Lè COVID-19 te frape, Kongrè a te pran mezi ki rapid pou bay asistans dirèk bay Ameriken ak kominote atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken an. Mwen te fyè pou sipòte lejislasyon sa ki te bay yon kòd sovtaaj pou moun, fanmi, ak ti biznis, epi mwen kontan anpil kounye a pou wè y ap peye dividand isit la

nan rejyon Kapital la. Remèsiman mwen ale bay tout moun ke patenarya yo ap asire pou kominote nou yo jwenn soulajman ak sipò yo bezwen yo."

Reprezantan Gregory W. Meeks, te deklare, "Mwen fyè dèske mwen te vote pou Lwa sou Plan Sekou Ameriken istorik ki te bay soulajman pou gouvènman lokal atravè peyi a. Vil New York, ki te episant COVID-19 la yon fwa, kontinye ap rekonstui de enpak ekonomik pandemi an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li distribye soulajman ki tèlman nesèsè sa bay lokalite atravè eta a."

Reprezantan Sean Patrick Maloney te deklare, "Pandan nou soti lwen depi premye jou 2020 yo, anpil kominote ak gouvènman lokal nou yo toujou sou wout rekiperyasyon epi y ap benefisye de dezyèm vèsman sipò federal sa nan fason ki ekstraòdinè. Mwen fyè ke mwen te ede pote fon enpòtan sa yo lakay k ap itilize pou ouvri aksè nan swen sante konpòtmantal, envesti nan dlo pwòp, egou, ak enfrastrikti wi debi epi sipòte ti biznis ki te pèdi revni yo pandan ijans sante piblik la."

Reprezantan Kathleen Rice te deklare, "Mwen te fyè pou vote an favè Lwa sou Plan Sekou Ameriken an. Dezyèm vèsman fon soulajman sa ap ede vilaj, komin, ak vil lokal nou yo franchi yon lòt etap vè rekiperyasyon finansyè. Lajan sa ap pèmèt gouvènman lokal nou yo bay prim pou travayè esansyèl yo, konble eka ke pandemi an te lakoz, ranfòse plan diminisyon risk pandemi an, epi ranfòse enfrastrikti piblik la lè li envesti nan pwojè dlo potab, dlo ize, ak dlo lapli yo."

Reprezantan Ritchie Torres, te deklare, "Fon ki soti nan Plan Sekou Ameriken an ap benefisye dirèkteman pou lavi Nouyòkè nan tout eta a. Plan Sekou Ameriken an bay eta a opòtinite pou sipòte travayè esansyèl yo ak pèman yo merite pandan y ap envesti tou nan sante piblik, ti biznis, ak enfrastrikti. Sa vini nan yon moman enpòtan, pandan bidjè minisipalite lokal yo te epuize apre pandemi an. Mèsi Gouvènè Hochul dèske ou asire ke distribisyon fon sa yo bay minisipalite lokal atravè eta a se yon priyorite."

Enstriksyon federal yo pèmèt vil, komin, ak vilaj New York yo resevwa fon ARPA yo pou itilize èd sa pou rezon ki genyen ladan yo men ki pa limite a:

- Sipòte depans sante piblik yo. Pa egzanp, fon yo ka itilize pou efò diminisyon risk COVID-19 yo, depans medikal, swen sante konpòtmantal ak kèk depans pou anplwaye sante piblik ak sekirite;
- Abòde enpak ekonomik negatif ke ijans sante piblik te lakoz; Sa enkli domaj pou travayè, fanmi, ti biznis, sektè ki te afekte yo, ak setè piblik la;
- Ranplase revni ki pèdi a. Yo ka itilize fon yo pou bay sèvis gouvènman nan limit diminisyon revni ki te fèt akòz pandemi an;
- Bay prim pou travayè esansyèl yo. Yo ka ofri sipò siplemantè pou sila yo ki genyen epi ki sibi pi gwo risk sante nan sèvis yo nan sektè ki enpòtan anpil yo; epi
- Envesti nan dlo, egou ak enfrastrikti wo debi. Yo ka itilize fon yo pou fè envestisman ki nesèsè pou amelyore aksè nan dlo potab, sipòte enfrastrikti dlo ize ak dlo lapli ki vital, epi elaji aksè nan entènèt wo debi.

Montan yo te voye bay chak gouvènman lokal ki pa gen dwa yo, ansanm ak alokasyon total ki enkli pèman sezon Ete 2021 an, disponib sou [Sitwèb Divizyon Bidjè](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)